

KECAP PANANGTU DINA BASA SUNDA

(Tilikan Sintaktis jeung Semantis)

Yayat Sudaryat

1. Pamuka Wacana

Ieu pedaran t^uh midangkeun perkara “kecap panangtu” dina basa Sunda. Ieu kecap t^uh umumna kagolong kana kecap panc^un. Eta sababna, kecap panangtu ilaharna mangrupa kecap asal, h^us^u robah wangunna, tur teu mibanda harti l^uksikal, tapi ngan semet harti gramatikal. Saperti unsur-unsur basa lianna, kecap panangtu t^uh mibanda wangun morfologis, paripolah sintaktis, jeung peran semantis. Eta tilu hal t^uh nyoko kana wangun, wanda, distribusi, fungsi, jeung harti kecap panangtu. Pikeun mikawanoh perkara kecap panangtu, dina ieu tulisan dipidangkeun og^u ciri-cirina.

2. Ciri-ciri Kecap Panangtu

Istilah “kecap panangtu” dina Tata basa Sunda (Adiwidjaja, 1951) sok disebut *penentu* dina Tatabasa Indonesia (Verhaar, 1982:193; Tarigan, 1989:126), anu kalandina disebut *determinator* (Kridalaksana, 1982:193) minangka analog tina *determiner* dina Tatabasa Inggris. Ku lantaran anu dicirian t^uh kecap barang atawa nomina, kecap panangtu sok disebut *kata penentu benda* (Alwasilah, 1983:20), *kata penjelas penentu benda* (Muliono Spk., 1984:35), atawa kata sarana frasa nominal (Samsuri, 1988:54-55)..

Kecap panangtu t^uh kaasup salasihiji pangwates dina frasa barang (nominal). Dina hal ieu, nu dimaksud ku frasa barang t^uh nya^uta frasa anu diwangun ku kecap barang minangka unsur puseur jeung kecap s^uj^unna minangka pangwates atawa modifikator (*modifier*) nu sipatna subordinatif. Najan kitu, anu disebut ku pangwates barang t^uh biasa ngawujud kecap, frasa, malah klausa (Elson & Pickett, 1962:163; Langacker, 1972:196; Dik, 1981:59). Dipatalikeun kana kecap panangtu, Quirk Spk. (1987:253) n^ut^u lakeun kieu.

“Determiner is the kind of reference a particular noun phrase has depends on its determinative element, i.e. the item which ‘determines’ it. This function is typically realized by a set of closed-class items, or which occur with the noun acting as head of the noun phrase”.

Kecap panangtu bisa mangrupa “a word which is used with a noun and which limits the meaning of the noun in some way” (Leech & Svartvik, 1979:268). Ari cicingna bisa aya sam̃m̃h kecap barang (*prenominal*) atawa sabadana (*postnominal*) (Radford, 1988:196).

Dumasar kana sawatara katerangan di luhur bisa dicindekkeun ỹn kecap panangtu t̃h mibanda ciri-ciri, di antarana wã, (1) kagolong kecap panc̃n atawa partikel, (2) mibanda fungsi jadi pangwates husus kecap barang, (3) sipatna subordinatif, (4) cicingna ilaharna di hareupeun kecap barang, najan r̃a nu aya di tukangeun kecap barang og̃, jeung (5) milu nangtukeun ma’na nominal.

3. Wangun Kecap Panangtu

Wangun kecap mangrupa papasingan kecap disawang tina unsur pangwangunna. Wangun kecap kaasup kana salasahiji tina opat pakakas sintaktis (*syntactic devices*), tilu pakakas sintaktis s̃j̃nna nyãta runtuyan kecap (*word order*), kecap panc̃n atawa partikel (*function words, particles*), jeung lentong atawa intonasi (*intonation*) (Hockett, 1958). Nilik kana wangunna, aya kecap asal (salancar) aya kecap r̃kaan (jembar), anu ngawengku kecap rundayan, kecap raj̃kan, jeung kecap kant̃tan (Sudaryat, 1996:40-41).

Disawang tina wangunna, kecap panangtu t̃h r̃r̃ana mangrupa kecap asal, najan kitu aya og̃ nu mangrupa kecap jembar. Kecap panangtu asal, di antarana wã, (a) *ki, si, para*; (b) *kab̃h, loba, r̃a, saban, sadaya, sagala, sakur*; (c) *pun, tuang*; (d) *mah, t̃h, t̃a, og̃, nya, atuh*; jeung (e) *ieu, itu, ta, dieu, ditu, dinya, anu*.

Kecap panangtu jembar bisa mangrupa (a) kecap rundayan nu dirarangk̃nan *sa-* jeung *sa-na*, saperti *sakadang, saeutik, sajumlah, sakab̃h, sagemblengna, sakumna*; (b) kecap raj̃kan dwilingga, boh murni boh binarung rarangk̃n *mang-*, saperti *pirang-pirang, saban-saban, tiap-tiap, unggal-unggal, mangpirang-pirang*; jeung (c) kecap kant̃tan saperti *salasahiji, salasaurang, salasawios*.

4. Wanda Kecap Panangtu

Disawang tina wandana, anu kagolong kana kecap panangtu t^h, di antarana wa^h, nya^hta (a) kecap sandang (panyebut), (b) kecap panuduh, (c) kecap pamilik, (d) kecap pamilang, jeung (e) kecap panggolong. Bandingkeun jeung istilah dina Tata basa Inggris *articles, demonstratives, possessives, quantifiers*, jeung *classifiers* (Close, 1975:78).

Kecap sandang atawa artikel nya^hta kecap pancⁿ anu gunana pikeun ngawatesan harti ‘jumlah’ atawa ‘jinek’ (takrif, definit)na kecap barang (Quirk Spk., 1987:256) salaku panghusus (*specifiers*) atawa pangwates (*limiters*) (Elson & Pickett, 1962:103). Kecap sandang bisa oge disebut “kecap panyebut” saperti *si* jeung *ki* dina frasa:

- (1) *si Kabayan*
- (2) *ki adi*

Kecap panuduh atawa demonstratif (*demonstratives*) nya^hta kecap anu dipak^h pikeun nuduhkeun acuan (Quirk Spk., 1987:372-373) nu aya jeroeun wacana (^hndoforis) atawa luareun wacana (^hksoforis), boh deukeut jeung panyatur (proksimal), rada deukeut (semi-proksimal), boh jauh (distal) (Kridalaksana, 1988:91). Contona: *ieu*, *ta*, jeung *itu* dina frasa:

- (1) *jelema ieu*
- (2) *imah ta*
- (3) *mobil itu.*

Kecap panangtu milik atawa posesif (*possessives*) mangrupa kecap nu nangtukeun harti ‘milik’ atawa genitif (Quirk Spk., 1987:361). Contona, *pun* jeung *tuang* dina frasa:

- (4) *pun anak*
- (5) *tuang putra.*

Kecap pamilang atawa kuantifikator (*quantifiers*) nya^hta kecap panangtu anu gunana pikeun ng^hbr^hkeun jumlah nu tangtu (Langacker, 1972:196). Contona, *sakumna* jeung *sababaraha* dina frasa:

- (6) *sakumna jalma*
- (7) *sababaraha urang*

Kecap panggolong atawa klasifikator (*classifiers*) nya^hta kecap panangtu anu milah-milah maujud kana kelas nu tangtu saperti keur jelema, sato, tutuwuhan, jeung barang. Contona: *saurang* jeung *samangar* dina frasa:

- (8) *budak saurang*

(9) *kalapa samanggar*

5. Distribusi Kecap Panangtu

Distribusi kecap panangtu mangrupa posisi atawa cicingna ta kecap dina hiji wangunan, naha hareupeun kecap s h n atawa tukangeunana. Jaba ti kana posisi, distribusi t h patali jeung bisa henteuna hiji unsur digond ng ku unsur se h nna, sarta fungsi sintaktis. Tiluanana kakurung ku istilah paripolah sintaktis (Ilikan Kridalaksana, 1990:42). Ari distribusi kecap panangtu t h, disawang tina unsur nu ditangtukeunana, aya tilu rupa posisi, nya ta:

(a) Kecap panangtu-purwa (prenominal), nu aya sam m h kecap barang, ilaharna kaasup

kecap sandang, pamilik, jeung kecap pamilang. Contona, *ki*, *pun*, jeung *sakali* dina:

- (10) *Ki Santri*
- (11) *pun Ahmad*
- (12) *sakali waktu*.

(b) Kecap panangtu-wekas (postnominal), nu aya sabada kecap barang, ilaharna kaasup

kecap panganteb jeung panuduh, saperti *t h* jeung *dieu* dina frasa:

- (13) *man hna t h*
- (14) *urang dieu*

(c) Kecap panangtu-b h bas (pre-postnominal), nu bisa aya sam m h atawa sabada kecap

barang, ilaharna kaasup kecap panuduh umum jeung kecap pamilang saperti *ieu* jeung *masing-masing* dina frasa:

- (15) a. *ieu buku*
b. *buku ieu*
- (16) a. *masing-masing anggota*
b. *anggota masing-masing*

5. Ma'na Kecap Panangtu

Ma'na kecap panangtu muncul balukar tepungna jeung kecap barang (nomina) dina wangunan frasa barang (nominal). Aya lima ma'na kecap panangtu, nya ta 'penuduh', 'paneges', 'pamilik', 'panyebut, jeung 'pamilang'. Ari wincikanana kieu.

(a) Ma'na Kecap Panuduh

Ma'na kecap 'panuduh' muncul lamun kecap panangtu jadi 'panuduh' kana kecap barang minangka 'katuduh'. Patalina ieu ma'na t^h bisa dipolakeun ku 'a nuduhkeun b' jeung 'b nuduhkeun a'. Ma'na 'b nuduhkeun a' di^h br^h hkeun ku demonstrativa generik anu cicingna sanggeus kecap barang, ari ma'na 'a nuduhkeun b' nuduhkeun sabalikna. Geura bandingkeun conto (17a) jeung (17b) di handap ieu.

- (17) a. *imah t^hta*
b. *t^hta imah*

Dumasar kana ma'na inh^h renna, ma'na kecap 'panuduh' bisa dib^h dakeun jadi lima rupa, nya^h ta 'panuduh' (a) generik, (b) relatif, (c) lokatif, (d) hal, jeung (e) 'jumlah'. Di handap ieu mangrupa pedaran tina rupa-rupa ma'na kecap panuduh.

Ma'na 'panuduh umum (generik)' museur kana acuan anu sipatna umum, ilaharna di^h br^h hkeun ku demonstrativa *ieu*, *t^hta*, jeung *itu*. Demonstrativa *ieu* museur kana acuan anu deukeut jeun panyatur (proksimal), *t^hta* museur kana acuan anu rada jauh ti panyatur (semi-proksimal), ari *itu* museur kana acuan anu jauh ti panyatur jeung pamiarsa (distal). Ku sabab dib^h dakeun dumasar kana jauh deukeutna ti panyatur (*proximity*), demonstrativa generik sok aya patalina jeung kecap gaganti jalma. Kecap gaganti jalma kahiji jeung *ieu*, gaganti jalma kadua jeung *t^hta*, ari gaganti jalma katilu jeung *itu*. Ku kituna, pikeun nuduhkeun jalma nu teu tangtu, dina basa Sunda sok mindeng aya babasan "*lain si itu lain si t^hta*". Geura tit^h nan conto di handap ieu.

- (18) *Buku ieu* dibeuli ku kuring *di dieu*.
(19) *Buku t^hta* dibeuli ku kuring *di dinya*.
(20) *Buku itu* dibeuli ku kuring *di ditu*.

Conto (18-20) ng^h br^h hkeun y^h n panuduh *ieu*, *t^hta*, jeung *itu* gunana jadi pamarkah takrif (*definite marker*). Buku *ieu* maksudna buku nu aya di dieu atawa buku nu deukeut jeung panyatur, buku *eta* maksudna buku nu aya di dinya atawa deukeut jeung pamiarsa, ari buku *itu* maksudna buku nu aya di ditu atawa jauh boh ti panyatur boh ti pamiarsa. Lyons (1977:646) nyawang jihat *t^hta* t^h minangka patali antara demonstrativa jeung peran panyatur dina omongan.

Ma'na 'panuduh nyamuni (r^h latif)' di^h br^h hkeun ku demonstrativa *anu*. Ieu kecap ilaharna dipak^h pikeun 'panuduh r^h latif' lantaran museur kana acuna nu teu

bisa disebutkeun, ku poho atawa m^o mang hayang dirusiaheun (Moeliono Spk., 1988:181). Dina kamekaran basa Indonesia, kecap *anu* t^o h ng^o s^o r fungsina tina ‘panuduh acuan distal’ jadi ‘panuduh generik nyumput’. Contona wa^o:

(21) Kuring mah kataji t^o h ku *anuna*.

Ma’na kecap *anu* sarupa kitu t^o h sarua jeung dina basa Sunda atawa boa dina basa Indon^o sia og^o pangaruh tina basa Sunda. Minangka demonstrativa generik, kecap *anu* cicingna tukangeun kecap barang. Geura w^o tit^o nan contona:

(22) Man^o hna mah teu apal *duit anu duit anu*, aya ngagol^o r mah disabet wa^o.

Jaba ti jadi panangtu, kecap *anu* t^o h boga fungsi s^o j^o n kayaning (23) panyebut, (24) panyambung, jeung (25) paneges milik. Geura tit^o nan contona.

(23) *Anu nangtung t^o h* adi kuring.

(24) Hasilna *anu* biasana sababaraha puluh bl^o k t^o h, harita mah ukur saparona.

(25) Budak t^o h keur nyeuseuh *baju anuna*.

Ma’na ‘panuduh tempat (lokatif)’ dipak^o pikeun nuduhkeun tempat ayana atawa

lokasi hiji acuan barang, ilaharna di^o br^o hkeun ku kecap *dieu, dinya, jeung ditu*. Teu bina ti demonstrativa generik, t^o ta tilu kecap panuduh t^o h disawang ti panyatur. Kecap *dieu* museur ka tempat nu deukeut jeung panyatur, *dinya* museur ka tempat nu deukeut jeung pamiarsa, jeung *ditu* museur ka tempat nu jauh boh ti panyatur boh pamiarsa. Cicingna tiluanana og^o sabada kecap barang. Contona ba^o:

(26) *urang [dieu, dinya, ditu]*

Ku lantaran dipake pikeun nuduhkeun tempat, demonstrativa *dieu, dinya, jeung ditu* t^o h sok sering dipake babarengan jeung kecap pangant^o t ‘arah’ *di, ka, jeung ti* jadi frasa pangant^o t:

(27) [*di, ka, ti*] [*dieu, dinya, ditu*].

Dina basa Sunda, jaba ti dipak^o pikeun museur ka jeung nuduhkeun tempat, frasa pangant^o t *di dieu, di dinya, jeung di ditu* sok dipak^o og^o pikeun museur ka panyatur atawa pamiarsa. Geura tit^o nan contona.

(28) Ari *di dinya* boga duit?

(29) *Di dieu* mah teu boga, puguh g^o.

(30) Ari *di ditu* kumaha?

Tina conto (28-30) t h yen *di dieu* dipak na museur ka diri panyatur, *di dinya* museur ka pamiarsa, ari *di ditu* museur ka jalma nu dicaritakeun. Kajadian kitu t h lantaran panyatur, pamiarsa, jeung jalma nu dicaritakeun embung atawa teu bisa milih salasahiji wangun sesebutan, upamana wa t h, ku ilahar dipak dina basa wewengkon atawa ku geus loma pisan. Frasa pangant t *di dieu, di dinya*, jeung *di ditu* t h mindeng dipak pikeun ngeusian fungsi katerangan ‘tempat’ dina klausa. Geura urang tit nan contona:

(31) Man hna keur maca *di [dieu, dinya, ditu]*.

Ma’na ‘Panuduh hal’ dipak pikeun nuduhkeun sipat, kaayaan, atawa hal anu patali jeung acuan barang, ilaharna di t h keun ku demonstrativa *kieu* jeung *kitu*. B dana ieu dua kecap tina jihat panyatur jeung wawaran nu ditepikeun. Kecap *kieu* museur kana acuan nu deukeut ti panyatur atawa tina wawaran nu r k ditepikeun (sipatna kataforis), ari kecap *kitu* museur kana acuan nu jauh ti panyatur atawa tina wawaran nu geus disebutkeun (sipatna anaforis). Contona ba t h :

(32) Wayah *kieu* sar k n h.

(33) *Sikep kitu* t h kurang had t h, atuh!

Demonstrativa *kieu* jeung *kitu* teh bisa og t h dipake nuduhkeun ma’na ‘pangajak’ mun dituturkeun ku kecap panganteb *ba t h* atawa *wa t h*. Ari wangunna bisa dina kecap asal bisa og t h dina kecap raj t h kan *kieu-kieu* atawa *kitu-kitu*. Geura ilikan contona:

(34) a. *Mobil kieu(-kieu)* wa t h mahal.

b. *Mobil kitu(-kitu)* ba t h mahal.

Ma’na ‘Panuduh jumlah (kuantitatif)’ dipak pikeun nuduhkeun ‘jumlah’ atawa ‘reana’ hiji acuan, ilaharna di t h keun ku demonstrativa *sakieu, sakitu*, jeung *saanu*. Demonstrativa jumlah og t h dibedakeun dumasar kana titik sawang panyatur. Kecap *sakieu* museur ka acuan nu deukeut jeung panyatur tur jumlahna saeutik, kecap *sakitu* museur kana acuan nu jauh ti panyatur tur jumlahna saeutik, ari kecap *saanu* museur kana acuan nu jauh boh ti panyatur boh ti pamiarsa bari jumlahna teu tangtu ku sabab poho atawa disamunikeun. Kieu geura contona t h.

(35) *Padamelan [sakieu, sakitu]* mah moal kantos lami.

(36) Barang alus kitu mah moal mahi ku *duit saanu*.

Sangkan leuwih *téh*s, ma'na kecap panuduh *téh* bisa diilikan dina tabél di handap.

Panuduh	Puseur Acuan ti Panyatur			
	<i>Proksimal</i>	<i>Semi-proksimal</i>	<i>Distal</i>	<i>Neutral</i>
a. umum	ieu	<i>téh</i> ta	itu	---
b. nyamuni	---	---	---	anu
c. tempat	dieu	dinya	ditu	---
d. hal	kieu	Kitu		---
e. jumlah	sakieu	Sakitu		saanu

(b) Ma'na Kecap 'Panganteb'

Kecap panganteb mangrupa kecap panangtu anu gunana pikeun 'ngantebkeun' acuan barang atawa jadi 'panganteb' kana acuan barang. Anu kaasup kana kecap panganteb *téh*, di antarana, *mah*, *téh*, *téh*a, *baéh*, *waéh* (Wirakusumah & Djajawiguna, 1969:47). Ari ma'na panganteb *téh* sok bédabédana, gumantung kana kontéks kalimahna. Ieu ma'na *téh* bisa dirumuskeun 'b ngantebkeun a'.

Kecap panganteb *mah* gunana paranti nuduhkeun ma'na (a) 'babandingan', (b) 'lalawanan', (c) 'panangtu', jeung (d) 'samar-samar'. Contona baé:

- (37) *Abdi mah* teu tiasa ngiring ayeuna, aya kaperyogian heula.
- (38) Diuk paanggang *mimitina mah*.
- (39) *Kajujuran mah* kudu dipitumanan ti leuleutik.
- (40) *Enjing mah* hoyong wangsul.

Kecap panganteb *téh* umumna dipaké pikeun ngantebkeun babagian kalimah

nepi ka jadi dumuk (Marzuki, 1982:51), ari hususna mah pikeun nuduhkeun ma'na (a) panganteb jejer, (b) panganteb pananya, (c) panganteb panyeluk, (d) dadaran atawa wangenan, (e) panganteb lagu kalimah. Geura ilikan contona:

- (41) *Kuring téh* geus dua peuting teu bisa saréh.
- (42) Naon ari *koperasi téh*?
- (43) Ulah sok kabodoan ari *hirup téh*?
- (44) *Jawa Barat téh* bagian gemleng ti Indonésia.
- (45) Geus peuting kuring *pamitan téh*.

Kecap panganteb *téh*a umumna mah nuduhkeun ma'na yén pamiarsa geus maphum

atawa dianggap nyaho kana naon-naon nu ditepikeun ku panyatur, ari hususna mah pikeun nuduhkeun ma'na (a) paneges acuan, (b) paneges kareueus, (c) paneges kayakinan, (d)

paneges kahamham, (e) panguat atawa panghancer balukar nu tangtu, (f) panguat lalamunan. Geura p^h k ilikan contona di handap ieu.

- (46) Disimpen hareupeun *lomari t^h a*.
- (47) B^h as nu ti *Cianjur t^h a*.
- (48) Sapertos nu disanggemkeun *wengi tadi t^h a*.
- (49) *Kumaha t^h a* atuh urang t^h h?
- (50) Hasilna t^h h *nya kitu t^h a atuh*, da kurang cai.
- (51) *Lamun t^h a mah* budak teu lulus, urang jalan tukang wa^h.

(c) Ma'na Kecap 'Pamilik'

Ma'na 'pamilik (posesif)' muncul lamun kecap panangtu peranna jadi 'pamilik' kana acuan barang anu jadi 'kapimilik', ilaharna di^h br^h hkeun ku kecap *pun* jeung *tuang*. Ieu ma'na t^h h bisa dirumuskan 'b milik a'. Mun dina basa Inggris mah, *pun* jeung *tuang* t^h h bisa dibandingkeun jeung kecap gaganti milik *my* jeung *your*, ngan cara dipak^h na kawatesanan. Kecap pamilik *pun* ngan bisa ngant^h t jeung kecap-kecap pancakaki wangun hormat (lemes) keur jalma kahiji. Ari kecap pamilik *tuang* ngan bisa ngant^h t jeung kecap-kecap pancakaki wangun hormat jalma kadua. Ku kituna, lamun dipatukeurkeun pasanganana (54a-b), jadi kurang merenah (*ungrammatikal*).

- (52) *pun bapa*
- (53) *tuang rama*
- (54) a. **pun rama*
b. **tuang bapa*,

Sangkan leuwih ^h c^h s, p^h k bandingkeun pasangan kekecapan di handap ieu nu bisa digond^h ng ku kecap *pun* atawa *tuang*.

- (55) *pun* + [*adi, aki, alo, anak, bapa, biang, bibi, lanceuk, nini, paman, ua*]
- (56) *tuang* + [*rai, yang, ---, putra, rama, ibu, ---, raka, yang, ---, --*

]

(d) Ma'na Kecap 'Panyebut'

Ma'na 'panyebut' mangrupa ma'na panangtu anu nyirian acuan barang jadi sesebutan, ilaharna di^h br^h hkeun ku (a) kecap sandang, (b) kecap bilangan *hiji*, jeung (c) kecap barang panyebut, gelar, pangkat, jeung jabatan. Cicingna aya di hareupeun kecap barang ngaran macakal jalma, naon-naon nu dipijalma, atawa waktu.

- (57) **Ki** *adi, para siswa, pun* D^h di, *sakadang Kuya, si Bapa*;

(58) *hiji mangsa, sakali waktu;*

(59) *Haji Kosim, Letkol Sumarna, Prof. Dr. Hj. E. Suryatin, M.Pd.*

(e) Ma'na 'Pamilang'

Ma'na 'pamilang' mangrupa ma'na panangtu anu nyirian acuan barang minangka unsur 'kabilang', ilaharna di ǀ br ǀ hkeun ku kecap pamilang atawa kuantifikator (*quantifiers*), saperti *loba*, r ǀ a, *seueur*, *sagala*, jeung *tiap-tiap*. Cicingna aya nu di hareupeun kecap barang aya nu ditukangeun kecap barang. Ieu ma'na t ǀ h bisa dirumuskeun 'a jumlah b' atawa 'b jumlah a'. Kalawan husus, ma'na pamilang t ǀ h bisa nuduhkeun (a) distributif, (b) kaan ǀ kaan, (c) sakumna, (d) gembleng, (e) sabagian, (f) pilihan, jeung (g) itungan. Geura ilikan contona (60-66).

(60) *per siswa*, [*saban, satiap, sakur, tiap, unggal*] da ǀ rah

(61) (*mang*)*pirang-pirang tuduhan, rupa-rupa tiori*

(62) [*kab ǀ h, sakab ǀ h, sakumna, sadaya*] da ǀ rah

(63) [*sagala, samudaya, samukawis, saniskara*] kalepatan

(64) [*sababaraha, sabagian, sajumlah, sawatara, sawar ǀ h*] jalma

(65) [*salasahiji, salasawios*] cara, *salasaurang jalma*

(66) [*saeutik, sakedik, saalit*] pangalaman, [*loba, r ǀ a, seueur*] masalah.

6. Pamunah Wacana

Pedaran perkara kecap panangtu dina basa Sunda t ǀ h kaitung langka k ǀ n ǀ h. Sumber anu bisa dipak ǀ babandingan kakara saeutik, kitu og ǀ bacacar di mana-mana, dina wangun makalah, artikel, atawa hasil panalungtikan. Dina buku-buku tata basa Sunda lain teu aya, tapi jumlahna saeutik pisan, tur pedaranana sahinasnana pisan. Pamugi ieu tulisan anu basajan t ǀ h bisa jadi wawaran jeung tatapakan saheulaanan ka nu aya karep ngulik kecap-kecap kawas kieu dina basa Sunda. Cag, ah!

Daftar Pustaka

Dik, Simon C.

1981 *Functional Grammar*. Dordrecht: Foris Pub.

Elson, Benjamin & Velma Pickett.

1962 *Introduction to Morphology and Syntax*. Mexico City: The SIL.

1983 *Beggining Morphology and Syntax*. Mexico City: The SIL.

Hockett, Charles F.

1958 *A Course in Modern Linguistics*. New York: McMillan.

Kridalaksana, Harimurti

- 1988 *Beberapa Prinsip Perpaduan Leksem dalam Bahasa Indonesia*. Yogyakarta: Kanisius.
- 1990 *Kelas Kata dalam Bahasa Indonesia*. Jakarta; Gramedia.
- Langacker, Ronald W.
1972 *Fundamental of Linguistics Analysis*. Jakarta: Holt, Rinehart, and Winston
- Lyons, John
1981 *Semantics*. Cambridge: Cambridge University Press.
- Thomson, A.J & A.V. Martinet
1986 *A Practical English Grammar*. London: Oxford University Press.
- Marzuki, A.
1982 "Partikel Pementing Bahasa Sunda". Jakarta: Pusat Bahasa.
- Moeliono, Anton M. Spk.
1988 *Tatabahasa Baku Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Quirk, Randolp (Spk.)
1987 *A Comprehensive Grammar of The English Language*. London: Longman
- Ramlan, M.
1981 *Sintaksis*. Yogyakarta: CV. Karyono.
- Radford, Andrew
1988 *Transformational Grammar*. Cambridge: Cambridge University Press.
- Sudaryat, Yayat
1996 *Pedaran Basa Sunda*. Bandung: Geger Sunten.
- Wirakusumah, R. Momon & H.I. Buldan Djajawiguna
1959 *Kandaga Tatabasa Sunda*. Bandung: Ganaco.

Riwayat Hirup

Yayat Sudaryat lahir ti kulawarga bulu taneuh. Pernahna di kampung Pasirbatang, Kecamatan Manonjaya, Tasikmalaya, dina ping 10 Pebruari 1963.

Teu béda ti barudak kampung séjénna, pabeubeurang ulin, ari pasosoré ngaji ka madrasah. Teu ieu kawas budak kota, teu apaleun nu disebut TK atawa "playgroup". Atikan formalna dimimitian di SD 4 Cilangkap (1975), SMPN Manonjaya (1978), SMAN 2 Tasikmalaya (1982), jeung IKIP (ayeuna UPI, 1986). Keur ngabanjel-banjel kabutuh hirupna, bari kuliah téh milu ngajar di SMP/SMA Yayasan Atikan Sunda Bandung (--1994.)

Ti saprak lulus (1986), inyana mancén gawé di almamaterna Jurusan Sunda FPBS UPI. Nepi ka ayeuna maneuh m^gr^g kuliah *Linguistik Umum*, *Wacana*, *Semantik*, jeung *Psikolinguistik*. Sok ngajar og^g di UNSIL Tasikmalaya jeung UNSUR Cianjur.

Bari gawé téh, nuluykeun kuliah di Program Pascasarjana (S-2) Jurusan Ilmu Sastra-Linguistik, tamat taun 1994. Tésisna dijudulan "Modifikator Nomina dalam Bahasa Sunda". Teu kungsi kandeg heula, taun 1994 terus ka S-3 di program anu sarua. Tapi nepi ka kiwari teu tamat-tamat, padahal disertasina mah geus aya kana opat naskahna. Duka ku naon tah?

Kungsi jadi Ketua Widang Basa LBSS (1994-1999) jeung Sekretaris Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI (1999-2003).

Sok pirajeunan tulas-tulis. Buku pribadina nu kungsi medal nyaéta *Pedaran Basa Sunda* (GS, 1985), *Ulikan Semantik Sunda* (GS, 1994; meunang **Hadiah Basa LBSS**,

2003), *Ulukan Wacana Basa Sunda* (GS, 1994), *Fonologi Bahasa Indonesia* (Dirjen Dikti, 1997).

Aya deuih buku-buku nu ditulis babarengan kayaning *Pendidikan Bahasa Daerah* (Andira, 1992), *Kamekaran, Adegan, jeung Kandaga Kecap Basa Sunda* (GS, 1994), *Padika Pangajaran Basa Sunda* (Dinas P & K Jabar, 1995), *Model Bahan Pangajaran Basa Sunda* (Dinas P & K, 1996), *Satpel Basa Sunda SD* (GS, 1987), *Piwulang Basa* (GS, 1994), *Basa Sunda Urang SMP* (GS, 1994), *Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda SLTP* (GS, 1995), *Pedoman KBK Basa Sunda* (GS, 2003).

Réa ngayakeun panalungtikan ngeunaan basa Sunda katut pangajaranana, di antarana waé: (1) “Pewatas Nomina”, (2) “Frasa Atributif”, (3) “Glosaria Dielak Sunda”, (4) “Tatabasa Baku Basa Sunda”, (5) “Buku Teks SLTP”, (6) “Pembelajaran Mulok”, (7) “Semantik Leksikal”, (8) “Istilah Tatabasa Sunda”, (9) “Pengkajian Kesenian Jawa Barat”, (10) “Fonologi”, (11) “Kompetensi Sintaktis”, (12) “Pendekatan Alamiah”, (13) “Pendekatan Humanistik”, (15) “Struktur Pragmatis Kalimah”, (16) “Struktur Diatesis Kalimah”.

Kakapeungan sok midangkeun makalah dina (a) Penyuluhan Guru-guru SD, SMP, SMA sa-Jawa Barat (Dinas Pendidikan), (b) Seminar Basa jeung Sastra (UNSIL, UPI), (c) Konferensi Internasional Budaya Sunda (Bandung, 2000), (d) Temu Sastra dan Budaya se-Indonesia (Bandung, 2002), jeung (e) artikel-artikel Jurnal FPBS UPI.